

Kwè nan tèt ou



Liv sa a ap montre elèv la ki jan pou li jere emosyon li ak angajman li epi ki jan pou li evalye tèt li.

Kwè nan tèt ou


Tit sa a fè pati seri Ana ak Tiga. Se yon seri liv sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki kreye yon ankadreman pou ti moun ann Ayiti. Ekip sa a gen ladan l savan lokal ak entènasyonal nan domèn edikasyon, sikoloji, sosyoloji, antwopoloji ak relijyon ann Ayiti.

Ekip otè sa yo travay ansanm sou yon seri istwa ak aktivite ki kapab ede elèv yo devlope ladrès yo nan domèn sosyal ak emosyonèl. Otè istwa ak aktivite yo se : Pwofesè Evelyne Trouillot, Pwofesè Bayyinah Bello, Doktè Charlene Désir ak Doktè Anasthasie Libériste-Osirus. Grafis yo se David Campbell avèk Leneen Faith Williams. N ap di yo tout yon gwo mèsi pou bèl istwa sa yo – yon gwo mèsi tou pou kreyativite ak devouman nou tout pou reyalizasyon travay sa a.



Revizyon : MIT-Ayiti







Kad sa a dwe sèvi kòm sous ak gid pou tout moun ki nan sektè ansèyman, espesyalman moun k ap travay nan lekòl ak sa k ap bay sèvis nan òganizasyon ki gen pou wè ak zafè ledikasyon, k ap akonpaye epi ede nan lekòl fondamantal, segondè ak apre segondè. Travay sa a ofri tout eleman kle pou aprann ak pasyon nan kontèks sosyal ak kiltirèl nan istwa peyi nou, Ayiti. Epi tou, travay sa a ofri oryantasyon ak estrateji pou w ka itilize lide pa w, sitou nan sektè ledikasyon. Pou plis enfòmasyon sou travay nou nan alfabetizasyon ak aprantisaj sosyal ak emosyonèl ann Ayiti, tanpri vizite lyen sa a : <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>.




Byen lwen ann Ayiti, nan yon gwo mòn ki byen wo, gen yon ti vil ki rele Mòn Choublak. Gen anpil fanmi k ap viv nan ti vil sa a. Moun sa yo renmen ti vil yo a anpil. Nan tout kwen, gen flè choublak k ap souke epi solèy la toujou klere.



Nan vil Choublak la, gen yon lekòl. Plen ti moun nan lekòl sa a, anpil ladan yo toujou gen kè kontan. Ti moun sa yo te renmen youn lòt, yo toujou pataje tout sa yo genyen. Yo toujou ap rasanble pou yo chante, danse epi ri.



Prèske chak jou, ti moun yo rakonte yon seri bèl istwa ak blag. Lè rekreyasyon, sa k pa genyen manje ak sa ki genyen toujou manje ansanm. Yo jwe ansanm tou. Ti moun yo vreman viv nan tèt ansanm.



Men, se pa tout ti moun nan lekòl la ki t ap viv anbyans tèt ansanm sa a. Te gen yon ti fi ki rele Klara, li te gen 9 lane. Se yon ti fi ki pa te gen kè kontan menm, li pa te janm souri, ni danse. Klara pa t renmen pataje, ni jwe, ni pale ak lòt ti moun yo. Li pa t renmen chante ; li te pito rete pou kont li tout tan. Sa fè li te toujou tris paske li te toujou kanpe yon kote pou kont li. Li te gen yon tanperaman ki te diferan anpil pa rapò ak tout lòt ti moun lekòl la.



Jodi a, sou lakou rekreyasyon an, Klara te chita an ba yon gwo pye mango yo rele « Madan Fransik ». Tout ti moun ki te mande li pou li jwe ak yo, li pa te dakò. Pwofesè a wè jan Klara ap aji ak lòt ti moun yo, li pwoche an ba pye mango a, kote Klara chita a, pou li ka konnen pou ki sa Klara apa kon sa.



Pwofesè a chita a kote Klara epi li di :

– Klara, pou ki sa ou toujou chita pou kont ou ?

Klara reponn :

– Mwen pa konnen, non.

Epi pwofesè a ak tout Klara gade lòt ti moun yo nan lakou a ; apre sa, pwofesè a mande l :

– Men, pou ki sa ou pa vle jwe ak lòt ti moun yo ?

Klara gade ti moun yo, li reponn :

– Mwen pa konnen.




Klara te tris anpil lè li t ap pale a. Lè pwofesè a wè sa, li di :

– Mwen pa konprann atitid ou ak lòt ti moun yo. Pou ki sa ou toujou ap fè move jan ak yo lè yo vle zanmi avèk ou ?

Ak dlo nan je, Klara di :

– Mwen pa vle zanmi ak pyès moun, paske se ri yo pral ri mwen.



Pwofesè a di :

– Pou ki sa ou panse kon sa ?

Se te ak dlo nan je Klara t ap reponn pwofesè a :

– Paske mwen pa gen bèl rad ak bèl soulye menm jan ak lòt ti moun yo epi yo panse mwen lèd. Mwen pa gen bèl barèt menm jan ak yo nan cheve mwen.

Pwofesè a di :

– Siye dlo nan je ou, Klara. Ti moun nan klas ou yo ta byen renmen zanmi avèk ou epi konnen ou pi byen tou.

Klara reponn :

– Men, yo toujou ap ri lè mwen pase bò kote yo.



Pwofesè a te santi li malalèz epi li te anbarase tou paske Klara te gen panse sa yo nan tèt li. Li reyalize rezon ki fè Klara panse tout moun ap ri li se paske li pa kwè nan tèt li. Tout pawòl Klara yo se bagay li gen nan tèt li. Li wont paske li pa gen rad nèf tankou lòt elèv yo epi li panse lòt ti moun yo pa renmen li pou tèt sa. Pwofesè a vle fè Klara santi li pi byen, se kon sa li chèche yon solisyon. Kòm pwofesè a ak fanmi li pa gen anpil kòb non plis, li chache yon lòt jan pou li ede Klara.



Lè rekreyasyon fini, tout ti moun yo retounen nan klas epi yo chita nan plas yo.

Pwofesè a poze ti moun yo yon kesyon :

— Ti moun, mwen konnen rekreyasyon an fini. Men, èske nou pa ta renmen fè yon ti jwèt ansanm ?

Tout elèv yo di :

– Wi, wi...

Pwofesè a di :

– Men ki jan jwèt la jwe. Sa ki vle ap vin kanpe devan klas la youn apre lòt. Pou chak elèv ki kanpe devan klas la, sa ki chita yo ap leve men yo lè yo pare pou yo di yon bagay pozitif sou elèv ki kanpe devan klas la. Èske tout moun konprann sa mwen di a ?



Tout elèv yo reponn : « Wi ! »

Lè se moman pa Klara pou li al kanpe devan klas la, li te pè sa lòt elèv yo pral di sou li. Men, li al kanpe devan kanmenm. Gen kèk elèv ki leve men yo pou yo di sa yo panse sou Klara.

Mikèl, yon elèv ki chita devan klas la, di :


– Pou mwen, Klara toujou santi bon.

Fabyola, ki chita jis dèyè klas la, di :

– Mwen panse Klara se yon bèl ti fi.

Bilin leve men li, li di :

– Mwen renmen jan Klara toujou pwòp. Epi tout elèv yo tonbe ri.



Se nan moman sa a, Klara vin reyalize se nan tèt li tout bagay sa yo te ye. Li bezwen kwè nan tèt li plis. Klara bezwen santi li enpòtan, li se yon moun espesyal. Kounye a, li wè tout lòt ti moun yo pi souvan epi li fè plis tan ap pale epi jwe avèk yo. Depi lè sa a tou, Klara patisipe nan tout aktivite ti moun yo ap fè.

Mo vokabilè

Rasanble : Mete ansanm.

Rekreyasyon : Tan lib pou elèv pandan lekòl.

Enkyete : Bay pwoblèm.

Majik : Yon bagay ki sanble yon mirak.

Pataje : Separe sa w genyen.

Pozitif : Yon bon bagay.

Reyalize : Rann ou kont yon bagay oswa fè yon bagay.

Kamarad : Zanmi lekòl.

Komik : Bagay ki fè moun ri.

Solisyon : Rezilta yon pwoblèm.

Souvan : Bagay ki repete plizyè fwa.

Kesyon konpreyansyon

- 1- Ki moun ki aktè prensipal nan istwa a ?
- 2- Di nou ki sa ki pa bon lakay Klara ?
- 3- Site kèk mo ki dekri ki jan Klara santi l ?
- 4- Èske ou ka sonje yon moman kote ou te santi ou tris paske ou te panse lòt moun ka di bagay mal sou ou ? Ki jan ou te rezoud pwoblèm sa a ?
- 5- Ki sa ou panse elèv yo ta dwe fè pou ankouraje youn lòt nan klas la ?

Estrateji sosyal ak emosyonèl

- 1- Rasanble zanmi ou yo.
- 2- Di yo chak yon bèl bagay pou fè kè yo kontan.
- 3- Gade yon moun ou pa konn pale ak li epi fè li yon bèl konpliman.
- 4- Kounye a, ekri pwofesè oswa direktè a yon lèt pou di yo ki jan ou apresye efò ak devouman yo pou fè elèv yo aprann.



KWÈ NAN TÈT OU

Ana ak Tiga





Dwa d'otè @ 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun pitit

Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite

<https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Ana ak Tiga

RASANBLE TOUT 7 LIV



Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>
 Dwa d otè © 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun piti. Tout dwa rezève. Pèsòn moun pa gen dwa repwodui oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li nan okenn fason sòf si li gen pèmasyon ekri ki soti nan men editè.